**दिन–सोमवार** **दिनांक–13.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक चारिम चरण मे राज्यक पांच संसदीय क्षेत्र – दरभंगा, उजियापुर, समस्तीपुर, बेगूसराय आओर मुंगेर मे कड़गर सुरक्षा के बीच शांतिपूर्वक मतदान सम्पन्न भऽ गेल। भेटल जनतबक अनुसार सांझ पांच बजे धरि चौवन दशमलव एक चारि प्रतिशत मतदान सभ अपन–अपन भोट खसौलनि अछि। समस्तीपुर मे सभ सँ बेसी छप्पन दशमलव तीन छओ प्रतिशत मतदान भेल अछि। ओतहि, उजियारपुर मे चौवन दशमलव नओ तीन, दरभंगा मे चौवन दशमलव दू आठ, बेगूसराय मे चौवन दशमलव शून्य आठ आओर मुंगेर मे एकावन दशमलव चारि– चारि प्रतिशत मतदान भेल अछि।

---

आजुक चुनाव मे चारि महिला प्रत्याशी सहित पचपन उम्मीदवार सभक चुनावी प्रतिष्ठा दांव पर अछि। एहि चरण मे दू केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह आओर नित्यानंद रायक राजनीतिक भाग्यक निर्णय होयत। बेगूसराय संसदीय क्षेत्र सँ गिरिराज सिंहक मोकाबिला सी. पी.आई के अवधेश राय सँ अछि। जखनकि उजियारपुर सँ नित्यानंद रायक टक्कर राजदक– आलोक मेहता सँ अछि। मुंगेर सँ जदयूक पूर्व अध्यक्ष राजीव रंजन उर्फ ललन सिंहक प्रतिष्ठा दांव पर अछि। हुनकर मोकाबिला राजदक– अनिता देवी सँ अछि जे पहिल बेर चुनावी मैदान मे अछि। समस्तीपुर लोकसभा क्षेत्र मे लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक– शांभवी चौधरी आओर कांग्रेसक सन्नी हजारी आमने–सामने अछि। ओतहि, दरभंगा सँ भाजपाक– गोपालजी ठाकुरक सीधा मोकाबिला राजदक ललित यादवक संग अछि।

---

मुंगेर लोकसभा क्षेत्रक बूथ संख्या– दू सय दस पर पीठासीन पदाधिकारी ओंमकार चौधरीक, हृदय गति रूकि गेला सँ मृत्यु भऽ गेलनि। ई मतदान केन्द्र मध्य विद्यालय शंकपुर मे अछि। जिलापदाधिकारी अवनीश कुमार सिंह पीठासीन पदाधिकारीक मृत्यु पर दुख जनौलनि जे मृतक कर्मीक परिवार के हर सम्भव सहायता कयल जायत।

---

लोकसभा चुनावक बचल तीन चरण लेल प्रचार–प्रसार अभियान जोर–शोर सँ चलि रहल अछि। विभिन्न राजनीतिक दलक वरिष्ठ नेता आओर स्टार प्रचारक सभ अपन–अपन प्रत्याशीक समर्थन मे जनसभा आओर रोड–शो कऽ रहल छथि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आई हाजीपुर, मुजफ्फरपुर आओर छपरा मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री मोदी जनौलनि जे बिहार मे जंगलराज आनयबाला के अपन विरासत पर भोट मंगबाक चाही। ओ जनौलनि जे एक समय बिहार मे लोकसभ सांझ भेलाक बाद घर सँ बाहर आबय मे डरैत छलाह। आई स्थिति बदलि गेल अछि। बिहार विकासक संग आगू बढ़ि गेल अछि। श्री मोदी जनौलनि जे देश कांग्रेस जेहेन डरपोक आओर कमजोर सरकार नहिं चाहैत अछि। ई सभ एतेक डेरायल छथि जे रामि मे सपना मे पाकिस्तानक परमाणु बम देखय छथि। ओ जनौलनि जे इंडी गठबंधन धर्मक आधार पर आरक्षण देबाक साजिश कऽ रहल अछि। जाहि के भाजपा कहियो सफल नहि होबय देत। श्री मोदी लोकसभक सँ देशक विकासक लेल भोट देबाक लेल जनौलनि। एहि सँ पहिने श्री मार्दी पटनाक तख्त श्री हरिमंदिर साहिब मे मत्था टेकलनि आओर लंगर सेवा कयलनि।

---

एम्हर, जदयू अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सीतामढ़ी के पुपरी राजबाग मैदान मे पार्टी प्रत्याशी देवेश चन्द्र ठाकुर आओर मधुबनीक हरलाखी मे बीजेपी प्रत्याशी अशोक यादवक समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित केलनि। ओ लोक सभ सँ विकासक लेल एनडीए प्रत्याशी के दोसर दिस राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ गोपालगंज मे वीआईपी उम्मीदवार प्रेमनाथ चंचल के जीतेबाक लेल रैली के सम्बोधित केलनि। ओ जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी महंगी आओर बेरोजगारी जेहेन मुदा पर किछु नहि बजैत छथि।

---

लोकसभा चुनावक सातम आओर अंतिम चरण लेल नामांकन पत्र भरबाक काज चलि रहल अछि। पाटलिपुत्र संसदीय क्षेत्र सँ राजद उम्मीदबार मीसा भारती आई नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। ओतहि, पटना साहिब सँ कांग्रेस उम्मीदवार अंशुल अविजित काल्हि नामांकनक पर्चा भरताह। सातम चरण लेल काल्हि धरि नामांकन पत्र भरल जायत। पन्द्रह मई कऽ नमांकन पत्रक जांच कयल जायत। उम्मीदवार सभ सतरह मई धरि अपन–अपन नामांकन पत्र बापिस लऽ सकैत छथि। भोट एक जून कऽ खसाओल जायत।

---

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोड–सीबीएसई आई दसम आओर बारहम कक्षाक परीक्षाफल घोषित कऽ देलक अछि। सीबीएसई जनौलक अछि जे बारहवी कक्षा मे सतासी दशमवल नआ आठ प्रतिशत छात्र परीक्षा मे पास भेल छथि। ई प्रतिशत पछिला वर्ष सँ शून्य दशमलव छओ पांच प्रतिशत बेसी अछि। छात्रा के पास होयबाक प्रतिशत छात्र सँ छओ दशमलव चारि शून्य प्रतिशत बेसी अछि। बोर्ड दसम कक्षाक परीक्षाफलक घोषणा सीबीएसई रिजल्ट डॉट एनआईसी डॉट इन या सीबीएसई डॉट गोभ डॉट इन क संग–संग डिजिलॉकर आओर उमंग एप पर सेहो देखल जा सकैत अछि।

———————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।